

Pwosesis Admisyon nan Kèk Lòt Distri

Admisyon nan Lekòl Segondè Selektif Chicago yo

An Overview of the SEHS Admission System in CPS

Students are admitted to a SEHS based on a combination of their application score, their neighborhood socioeconomic status (SES) classification, and the seats available at the SEHSs where they apply.

- **Application scores are comprised of:**
 - Seventh-grade GPA in math, English, science, and social studies;
 - Seventh-grade standardized test scores;
 - A selective enrollment admissions exam.
- **Each applicant is also assigned a SES "tier":**
 - Each census tract in Chicago receives an SES index score based on indicators from the American Community Survey and neighborhood elementary school performance.
 - The census tracts are then equally divided into four tiers so that each tier contains approximately one-quarter of Chicago's school-aged children. Tier 1 represents the lowest-SES quartile; tier 4, the highest-SES quartile.
- **Applicants can apply to and rank up to six SEHSs.**
- **How SEHS seats are allocated:**
 - At each SEHS, 30% of seats are allocated to top-scoring applicants, regardless of their SES tier.
 - Remaining seats are divided equally among the four SES tiers; 17.5% of seats are allocated to each SES tier.
 - Prior to 2010, the admission system allocated seats using student race/ethnicity instead of neighborhood SES.

For more details, see <https://go.cps.edu/explore/program-types>

Plis detay sou "klasman" estati sosyoekonomik yo (SES yo) :

Chak reyon resansman nan vil la te deziyen pou youn nan kat klasman, avèk èd yon endis ki konbine senk varyab : revni mwayèn fanmi yo ; nivo edikasyon adilt yo atenn ; kantite moun ki pwopriyete (ki posede pwòp kay pa yo) ; ak konbyen fwaye ki genyen yon sèl paran ladan l, ak moun angle pa lang natif natal yo.

Premyèman lekòl yo te ranpli 40% nan plas yo avèk kandida ki gen pi gwo nòt konbine. Rè 60% plas yo te ranpli selon yon distribisyon egal ego plas yo atravè kat klasman, e apres avèk rè elèv ki fè pi gwo nòt yo ki abite nan reyon resansman ki apatèni a chak klasman. Sistèm nan te modifiye an 2012 ; kantite plas klasman rezève yo te ogmante, sot nan 60% rive jiska 70%, epi yo te ajoute yon sizyèm varyab sou endis la (nòt egzamen nan lekòl elemantè lokal la).

Sous la :

<https://consortium.uchicago.edu/sites/default/files/2018-10/Selective%20Enrollment%20HS%20Snapshot-Feb%202018-Consortium.pdf>

Kèk Detay Anplis sou Admisyon Chicago yo

- [Geyen twa kritè yo itilize nan demann yo](#), e enpòtans yo egal. Demann yo make sou yon total de 900 pwen, kote ke chak kritè vo 300 pwen.
 - GPA la (mwayèn jeneral nòt yo) enkli lekti, matematik, syans, ak etid sosyal.
 - Santil evalyasyon NWEA MAP la sou lekti ak matematik miltipliye pa 1,515 pou yon maksimòm pwen de 150 pwen pou chak matyè
 - Santil egzamen antre yo ap miltipliye pa 3,03 pou yon maksimòm pwen de 300 pwen
 - Sit entènèt la genyen ladan l yon [“kalkilatis pwen”](#) pou ede kandida yo konprann ki nòt yo bezwen fè nan egzamen antre a.
- Envitasyon ki nan klasman sosyoekonomik yo distribye bay kandida sila yo ki klase pi wo nan klasman an.

Lekòl Charlotte-Mecklenburg yo

- Yo itilize estati sosyoekonomik nan pwosesis lotri a pou pwogram lekòl magnet yo ([68 lekòl](#))
- Enfòmasyon yo sot nan de (2) sous :
 - Resansman / American Community Survey (Sondaj Kominotè Ameriken an) :
 - Konpetans nan Lang Angle (sètadi, si moun "pale" angle byen swa lakay elèv la)
 - Konpozisyon Fanmi an (sètadi, èske se yon fwaye ki genyen yon sèl paran oswa plizyè paran)
 - Revni fanmi an
 - Estati pwopriyetè (si fanmi an posede kay)
 - Nivo edikasyon paran yo atenn
 - Enfòmasyon moun yo divilge sou tèt yo
 - Revni fwaye (konbyen kòb tout fanmi an rantre)
 - Nivo edikasyon yo atenn
 - Kantite timoun laj minè ki fè pati fwaye a
- Yo itilize enfòmasyon resansman yo pou idantifye estati sosyoekonomik (SES) ki ba, mwayèn, e wo, pou chak rejyon resansman nan kanton an. Kategori sa yo relatif youn ak lòt e yo distribye egal ego nan tout kanton an.
- Nou itilize enfòmasyon moun yo divilge sou tèt yo pou n idantifye yon dezyèm estati sosyoekonomik (SES) pou n itilize nan lotri a. Pa egzanp : yon koup rich, ki atenn yon nivo edikasyon inivèsite k ap abite nan yon katye sosyoekonomik ki ba, ka genyen yon priorite lotri ki ba oswa ki wo.
- Gen 12 deziyasyon antou (wo | wo, wo | mwayèn, wo | ba, wo | anyen, et setera), epi nou itilize deziyasyon yo kòm divès priorite nan pwosesis lotri a.